

REPUBLIQUE DU BURUNDI



PRESIDENCE DE LA REPUBLIQUE
Secrétariat Général de l'Etat

ITANGAZO RY'INAMA Y'ABASHIKIRANGANJI N°1 YO KU WA GATATU IGENEKEREZO RYA 02 RUHUHUMA 2022

Inama y'Abashikiranganji yarakoranye kuri uyu wa Gatatu igenekerezo rya 02 Ruhuhuma 2022, i Bujumbura, irongowe na Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, Jenerari Majoro Varisito NDAYISHIMIYE.

Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu ahejeje gushikiriza urutonde rw'ivyihwezwa muri icyo nama, yaciye aha umwanya Nyakwubahwa Umushikiranganji wa Mbere ngo ashikirize ivyavuye mu nama nteguza y'icyo nama nshikiranganji yarongoye kw'igenekerezo rya 26 Nzero 2022, ivyihwejwe navyo bikaba ari ivyari ku rutonde.

Umushikiranganji wa Mbere ahejeje gushikiriza icegeranyo Nyenicubahiro Umukuru w'Igihugu, ivyihwejwe ni ibi bikurikira:

1. Umugambi w'igihugu ku bijanye n'ubuziranenge bw'ibihingurwa mu Burundi, washikirijwe n'Umushikiranganji w'ubudandaji, gutwara abantu n'ibintu, amahinguriro n'ingenzi.

Umugambi w'igihugu ku bijanye n'ubuziranenge bw'ivyimbwirwa, ibihingurirwa canke ibifungurirwa mu Burundi ni igikoresho gihambaye kuri Reta mu gukurikirana ko iivyo vyose biba bikwije ibisabwa.

Uwo mugambi urerekana amahangiro, urupapuro rw'inzira be n'ikirangaminsi c'ingene uzojaho.

Uwo mugambi ujanye n'ishaka rya Reta ryo guteza imbere ubutunzi n'imibano, be no gukomeza umuco wo kwitwararika gukora ibintu neza haba mu buzi bwa Reta, mu mashirahamwe adaharanira ibibanza vya politike no mu bigenga.

Kimwe muri bikuru bikuru vyitezwe kuri uwo mugambi, ni uko Uburundi bwoteza imbere ihanahanwa ry'ibidandazwa muri aka karere no ku rwego mpuzamakungu muguha agaciro ibihingurirwa aha iwacu, biciye mu guhiganwa kw'amashirahamwe yo mu Burundi n'ayo mu bindi bihugu.

Ihangiro ni uko Uburundi bwoba buhingura ibikwije ibisabwa ku rwego mpuzamakungu mu mwaka w'2027, kugirango habe iterambere kuri bose kandi rirama.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino uwo mugambi, yarawemeje ica isaba ibi bikurikira :

- Kuwucamwo ibigabane kugirango usomeke neza ;
- Gukuramwo ibitegekanijwe gukorwa ariko bitarinda gusaba uburyo;
- Kwerekana, ku gikorwa kimwe kimwe, aho uburyo buzova;
- Gukora ibishoboka kugirango uwu mugambi ufatwe mu mugongo n'uburyo bw'igihugu;
- Gutegekanya ibizorangurwa hagashirwa imbere ivyihuta kuruta ibindi ariko ihangiro rikaba ari uko BBN ryoba isuzumiro ryemewe ku rwego mpuzamakungu;
- Kuronsa isuzumiro BBN uburyo n'inguvu bikwiye kugirango rirangure neza ibikorwa rijejwe ;
- Kunyarutsa gushiraho igisata kijejwe gukurikirana imiti ivura ibitungwa, ibiterwa n'ibifungurwa (ABREVPA), be n'igisata kijejwe gukurikirana ibijanye n'ubuziranenge bw'imiti no kurwanya inzara (ANAMSSA).

2. Integuro y'imigambi yo mu bushikiranganji bwo kwivuna abansi no kwitaho abahoze ku rugamba, yashikirijwe n'umushikiranganji wo kwivuna abansi no kwitaho abahoze ku rugamba

Iyi nteguro y'imigambi ni urupapuro rw'inzira ubushikiranganji bwiha kugirango bushike kw'ihangiro ryabwo naryo ni kugira igisirikare c'umwuga, kigezweho kandi gishobora guhangana n'ico cose coza kibangamira umutekano, kibifataniye n'abo bose begwa n'ikibazo c'umutekano.

Ije gushira mu ngiro Umugambi w'Igihugu w'iterambere mu nkingi zawo zijanye no gukingira ibidukikije, intwaro ibereye, gucungera umutekano no kwivuna abansi.

Iruhande y'umugambi w'igihugu w'iterambere, iyi ndinganizo irisunga kandi umugambi w'igihugu wo kwivuna abansi, no ku vyiyumviro vyashikirijwe mu gihe c'isuzumwa ry'ingene indinganizo yo kuva mu mwaka w'2016 gushika mu mwaka w'2020 yashizwe mu ngiro, be n'ivyavuye mu yandi manama.

Hafatiwe ku bibazo bikuru bikuru vyibonekeje, iyi nteguro ishingiye ku nkingi zitatu, arizo z'izi zikurikira:

- Kubungabunga ibidukikije

- Intwaro ibereye
- Umutekano no kwivuna abansi.

Mu bijanye n'ishirwa mu ngiro ry'uwu mugambi, harerekanwa ibishirwa imbere y'ibindi, be n'intambwe zizogenda zirakurikizwa kugirango ubushikiranganji bushike kuvyo bwishinze kurangura.

Iyi nteguro irategukanya urwego rukurikirana rukongera rugasuzuma ingene ibikorwa biriko birarangurwa, be n'ingene uburyo bukenewe buronderwa.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino uwo mugambi, yarawemeje ibanje kuwutosora mu duce tumwe tumwe.

3. Umugambi w'igihugu wo gukura abana mw'ibarabara n'abakuze basega no kubasubiza mu miryango yabo, washikirijwe n'umushikiranganji ajejwe gushigikirana, imibano, agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira.

Uwo mugambi ni igikoresho gitanga intumbero zizofasha abo bose bafise uruhara mu gukingira umwana mu Burundi, mu gukura abana mw'ibarabara.

Urashiramwo n'abahoze ari abana bo mw'ibarabara mugabo ubu bakuze baguma mw'ibarabara ariko bakaba basega, n'abandi basega ariko bafise iyo bataha.

Wubakiye kw'ihangiro ry'ukugira Uburundi butagira abana bo mw'ibarabara ukaba wihaye gushika ku bintu bibiri, ni ukuvuga gukingira umwana, no gukingira umutekano.

Mu mwanya wa mbere, uwo mugambi utegekanya gukinga kugirango abana bagume mu miryango bakurikiranwe ariho bari, kugirango bategure kazoza kabo.

Mu mwanya wa kabiri, utegekanya kubakurikiranira hafi kuva bakivanwa mw'ibarabara, mu bigo bazoshikizwamwo bategurirwa kujanwa mu miryango yabo, ndetse no mu miryango yabo bamaze kuyishikawamwo.

Mu bijanye n'ishirwa mu ngiro ryawo, uyu mugambi urerekana ico bamwe bamwe bose bazoba bajejwe: Umuryango, ikibano, abajejwe intwaro, abafashanya n'Uburundi mu bikorwa vy'iterambere, n'abandi.

Inama nshikiranganji imaze guhanahana ivyiyumviro kuri iyo nteguro, yarayemeje, ikaba yashikirije ibi bikurikira:

- Iyi nteguro yoshirwamwo ibigabane kugirango isomeke neza;
- Ibigo vyategekanijwe kwakira abo bana vyosanurwa;
- Hotegekanywa ikigo kidasanzwe co kwakira abana badahaha, bakanategekanirizwa inyigisho n'ibikorwa vyabo;
- Kuvyerekeye abakuze basega, amategeko ahari yokurikizwa;
- Gutuza amashirahamwe atera intege abana mu gusega;
- Ku bantu basegesha abana kandi usanga kenshi atari ababo, bokwakwa abo bana bakajanwa mu marerero mu kurindira ko abavyeyi babo baboneka.

4. Urwandiko rujanye n'iharurwa ry'amahera yo kuziganiriza abahoze mu migambwe n'imihari yarwana be n'ayiyongerako bivuye k'uguteba kuyatanga be no kwongereza imyaka iharurirwako ku basubijwe mu buzima busanzwe canke abakukurutse batarakwiza imyaka, rwashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe gushigikirana, imibano, agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira

Ishingwa ry'igisikare c'igihugu be n'igipolisi c'icuhugu mu mwaka w'2004 havanzwe igisirikare n'igipolisi vya Reta be n'abari migambwe n'imihari yarwana bataziganirizwa mw'ishirahamwe INSS vyatumye haba ingaruka k'ukugene baronka impamba ironswa abakukuruke bivanye n'umw'umwe iyo yaje ava.

Mu ntumbero yo gukuraho ubwo butandukane, harashizweho imirwi kugirango iharure, muri ivyo biharuro hakaba hafatirwa kw'ipete abari mu gisirikare ca Reta baba bafise bivanye n'umw'umwe umurwi yaba arimwo (intwazangabo, ibisongerezi, abasirikare bato bato).

Ayo mahera yaharuwe gushika kw'igenekerezo rya 31 Kigarama 2004 kuko ni ho batangura kuziganirizwa muri INSS.

Kubavuye mu muhari FNL, batanguye kuziganirizwa kw'igenekerezo rya 01 Nzero 2009 kuko niho binjiye mu nzego zijejwe kwivuna abansi n'umutekano.

Ibiharuro vyakozwe, vyerekanye ko amahera akenewe angana na miliyaridi cumi na zitatu miliyoni amajana indwi na mirongo iandatu na zine ibihumbi amajana umunani na mirongo ibiri n'amajana ana n'abiri z'amahera y'amarundi (13 764 820 402 Fbu).

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino urwo rwandiko yashinze ibi bikurikira:

- Guharura neza ayo mahera hanyuma intambwe zikurikira zibandanye;

- Kuyariha ningoga kugirango abategerezwa kuronswa ako gahamba bafatwe kumwe.

5. Integuro y'itegeko ritunganya Ubuyobozi bujejwe kwandika no gushingura impapuro ndangatongo be no kuyapima, yashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe ubutungane

Kuva mu mwaka w'2005, Reta y'Uburundi yaratanguje umugambi wo kwegereza ubutegetsi abenegihugu no gutunganya neza amatongo.

Muri ivyo bijanye n'amatongo, harakozwe vyinshi mu ntumbero y'uko abantu bokingira amatongo yabo mu kuyandikisha.

Ariko utwo twigoro twose twahuye n'ikibazo c'uko ibisata bijejwe ivy'amatongo bisanzaye kuko bikukira inzego nyinshi.

Ingaruka ni uko kwandikisha itongo vyaca vyikwega, bigaca henshi, bigatwara umwanya muremure n'uburyo bwinshi, ivyo navyo bigaca bica intege abipfuzwa kwandikisha amatongo yabo canke guhinduza inzandiko iyo habaye ubuguzi.

Ishirwa mu ngiro z'ingingo ziri mu gitabu c'amategeko agenga amatongo rirabangamirwa n'uko igisata kijejwe kwandika no gushingura impapuro ndangatongo, Igisata c'Igihugu kijejwe gupima amatongo be n'ibisata bijejwe amatongo mu makomine bikukira ubushikiranganji butandukanye.

Itegeko n°100/119 ryo ku wa 18 Kigarama 2020 ritunganya ubushikiranganji bw'ubutungane ryaratoreye inyishu ico kibazo mu gushira hamwe igisata kijejwe kwandika no gushingura impapuro ndangatongo n'ikijejwe gupima no kwandika amatongo.

Iyi nteguro ije gushiraho itegeko ritunganya ubwo buyobozi.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, yasanze ubwo buyobozi, nk'ibindi bisata vyubatse nka bwo, but ajejwe kudandaza kandi ata mahera bwinjiza, ko rero ata rwego nshingwantwaro rukenewe. Inama nshikiranganji yaciye isubiza inyuma iyo nteguro kugirango ihinyanyurwe neza hanyuma igarukanwe mu nama nshikiranganji.

Mu kurindira ko ayo mategeko ajaho, inama nshikiranganji yasavye ko abakozi bahora mu gisata kijejwe gushingura impapuro ndangatongo (Direction des Titres Fonciers) n'abahora mu gisata kijejwe gupima amatongo (Direction du

Cadastre national) babandanya bahembwa uko bahora kandi n'ibirarane babironswe.

6. Integuro y'itegeko rishinga rikongera rigatunganya igisata kijejwe inyubakwa, amabarabara no gutunganya ibisagara, yashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe inyubakwa ibikorwa n'ibikoresho vya Reta no kugwiza uburaro.

Igisata kijwe gutunganya ibisagara, uburaro, n'inyubakwa « OBUHA » be n'igisata kijejwe amabarabara « ARB » vyashinzwe muri Rusama 2019 hashizwe hamwe ibisata bitandukanye. Ivyo bisata bibiri rero biracari bishasha.

Ivyo bisata OBUHA na ARB vyose bikukira ubushikiranganji bujewe inyubakwa, ibikorwa n'ibikoresho vya Reta no kugwiza uburaro.

Ku bijanye n'imirimo yavyo, vyose birahurira ku kwubaka no gusanura amabarabara, ARB ikaba iraba amabarabara makuru makuru, OBUHA nayo ikaba iraba amabarabara mato mato yo mi bisagara.

Iryo tandukanya ry'imirimo rirajuragiza abantu iyo hageze kwitura igisata kimwe muri ivyo.

Ku bijanye n'abakozi, ivyo bisata bibiri bikoresha abanonosoye ibisa.

Iyi nteguro ije gushira hamwe ivyo bisata bibiri kugira hajeho kimwe kijejwe inyubakwa, amabarabara no gutunganya ibisagara (OBBARU mu mpfunyapfunyo y'ururimi rw'Igifaransa), ivyo navyo bikazozana uturusho muri ibi bikurikira :

- Ntawuzosubira kujuragirika hageze kwitura ico gisata;
- Kizokora neza gusumba aho vyari ibisata bibiri;
- Nta mirimo canke ibikorwa bizosubira kwinjiranamwo;
- Uburambe mu kazi bw'abakozi bahora mu gisata ARB buzofasha mu kumenyereza abakozi bashasha bo mu gisata OBUHA ;
- Amabanga yari ameze nk'ayasa muri OBUHA na ARB azoca avaho.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, yashikirije ibi bikurikira

- Iyi nteguro ntiyerekana ingene ico gisata kizoba gikorera mu Ntara;
- Itegeko ritunganya ubushikiranganji ryosubirwamwo kugirango iki gisata gishasha gishirwemwo;
- Harimwo ingingo ziri muri iyi nteguro zisa n'izivuga bimwe;

- Hotorwa irindi zina ry'ico gisata kugirango ntihabe ukwitiranya n'ibindi bisanzwe bihari;
- Kubera ari igisata ca Reta gikora ibikorwa Reta igihaye, kikabikoresha n'uburyo Reta igihaye kandi akaba ata mahera cinjiza, nta rwego nshingwantwaro rukenewe;
- Ni gutomora neza urwego rujejwe kugenzura ico gisata

Inama nshikiranganji yaciye isubiza inyuma iyo nteguro kugirango ihinyanyurwe neza yisunze ivyo vyashikirijwe, izogarukanwe mu nama nshikiranganji.

7. Integuro y'itegeko nshikiranganji rishinga ingingo zerekeye ikingirwa ry'amabarabara n'inkengera zayo, yashikirijwe n'umushikiranganji ajejwe inyubakwa, ibikorwa n'ibikoresho vya Reta no kugwiza uburaro.

Ikingirwa ry'amabarabara riraraje ishingira Reta, kubera uruhara rwayo mw'iterambere ry'igihugu.

Naho Reta ishiramwo uburyo bwinshi, amabarabara ntarashika ku rugero rushimishije kubera atabungabungwa bikwiye, uburemere bw'imodoka ziyacamwo butubahirizwa, n'ibindi.

Mu ntumbero yo gukoresha amabarabara neza, Reta yarashizeho igisata kijejwe amabarabara kikaba gihamagarirwa kuyakurikirana no kuyasanura.

Ariko amategeko ajanye n'inkengera zayo arafise agahaze cane cane ku vyerekeye ingene zikingirwa, ivyo bigaca bigira ingaruko kubazegereye no kubakoresha ayo mabarabara.

Iyi nteguro rero ifise intumbero yo gukingira amabarabara mu gushiraho ingingo zitomora neza uburinganire bw'inkengera z'amabarabara, ingene zikingirwa n'ingene zikoreshwa.

Inama nshikiranganji imaze guca hirya no hino iyo nteguro, yarayemeje, ivyashinzwe bikaba ari ibi bikurikira :

- Kuraba ko imitwe y'ibigabane iroranye neza n'ingingo zirimwo ;
- Gusuzuma neza ko uburinganire bw'inkengera z' amabarabara buri muri iyi nteguro busa n'uburi mu yandi mategeko akurira iyi nteguro;
- Gukoresha neza inkengera z'amabarabara nko mu kuhatera ibiti ;
- Gushira iri tegeko mu rurimi rw'Ikirundi no kurimenyekanisha.

8. Integuro y'ibwirizwa yerekana ingene amahera ya Reta yakoreshejwe mu mwaka w'2020 ushira uw'2021, yashikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere.

Integuro y'ibwirizwa ryerekana ingene amahera ya Reta yakoreshejwe ikomoka kw'ibwirizwa n°1/35 ryo ku wa 04 Kigarama 2008 ryerekeye ingene amahera ya Reta akoreshwa, aho rivuga ko integuro mwen'izo zishikirizwa Inama nshingamateka na Nkenguzamateka mu kiringo c'amezi umunani umwaka urangiye.

Inama nshikiranganji yaraciye hirya no hino ivyegeranyo vy'ingene amahera ya Reta yakoreshejwe kuva mu mwaka w'2015 gushika mu mwaka w'2020, kuko ivyo vyegeranyo bifasha gutegura ayazokoreshwa mu mwaka ukurikira.

Nico gituma ubushikiranganji bujejwe Ikigega ca Reta bwateguye iyi nteguo.

Amahera Reta yategekanije muri uyu myaka yakoreshejwe nk'uko vyari bitunganijwe n'ibwirizwa rishinga ayo mahera muri uwo mwaka.

Inama nshikiranganji imaze guhanahana ivyiyumviro kuri iyi nteguo, yarayemeje, ica isaba ibi bikurikira:

- Gutegura ibwirizwa yerekana ingene amahera ya Reta yakoreshejwe mu mwaka w'2021 ushira uw'2022 hakiri kare;
- Kwarekana neza intamwe zikurikizwa mu gutegura amahera Reta ikoresha ;
- Gukora ibishoboka kugirango ikigo OBR gishobore guharura amahera yose yinjizwa mu gihugu no mu bisata vyigenga mugabo vyegamiye Reta;
- Gushiraho ubuhinga ngurukanabumenyi mpuzamihora (interconnexion) bufasha ibisata vya OBR gukorana ;
- Guharura ivyo Reta itunze n'ico biciye kuko bifatwa nk'umutahe Reta ifise;
- Gushira ubuhinga ngurukanabumenyi mu bisata vyose vya Reta.

9. Integuro y'urugero rw'amahera azokoreshwa muri Reta mu gice ca gatatu c'umwaka w'i 2021 ushira uwa 2022, yashikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta no gutegekanya imigambi y'iterambere.

Urugero rw'amahera akoreshwa rubwirizwa gukurikiza amategeko ahari nayo akaba ari nk'ayerekeye ingene amahera ya Reta akoreshwa, ibwirizwa rishinga amahera Reta izokoresha mu mwaka w'2021 ushira uw'2022, naryo mu ngingo yaryo ya 50 rikaba ritegeka kwerekana urugero rw'amahera akoreshwa mu bisata vya Reta ku mezi atat'atatu, Inama y'Abashikiranganji ikabwirizwa kuvyemeza.

Ayo mahera rero asohoka hafatiwe kuyinjiye mu kigega ca Reta. Urwo rugero rw'amahera rwerekeye amahera yose akoreshwa, kiretse ayajanye n'imishahara be no kuriha amadeni.

Inama nshikiranganji imaze guhanahana ivyiyumviro kuri iyo nteguro, yarayemeje, mu vyo yasavye hakaba harimwo ibisaba gutanga amasoko vyonyarutswa kugira bizorihwe muri uyu mwaka.

10. Urwandiko rusaba kwemerera ko Uburundi bushira umutahe mw'Ibanki y'iterambere ry'ibihugu vyo muri Afrika yo hagati, rwashikirijwe n'Umushikiranganji ajejwe ikigega ca Reta no gutegekanya imigambi y'iterambere.

Ibanki y'iterambere ry'ibihugu vyo muri Afrika yo hagati yashinzwe muri Kigarama 1975, itangura gukora muri Nzero 1977.

Naho mu mategeko ayigenga ikorera mu bihugu bigize ishirahamwe ryo muri Afrika yo hagati rihuriye ku vy'ubutunzi n'ifaranga (CEMAC mu mpfunyapfunyo y'ururimi rw'igifaransa) be n'ibifisemwo umutahe, iyo banki irashobora gukorera no mu bindi bihugu bitari muri uwo muryango.

Nico gituma mu kwezi kwa Kigarama 2021, Umushikiranganji w'ikigega ca Reta no gutunganya imigambi y'iterambere yandikiye uwurongoye iyo Banki amusaba ko Uburundi bwoshiramwo umutahe. Inama ya bose y'iyi Banki yaremeye Uburundi gushiramwo umutahe.

Intumbero y'uru rwandiko ni ugusaba ko Reta yokwemera ko Uburundi bushiramwo uwo mutaha.

Harimwo uturusho tutari duke, tumwe tumwe tukaba ari uko :

- Uburundi buzoranka uburyo bufasha mu migambi y'iterambere
- Abagwizatunga b'Abarundi bazoranka ingurane ku buryo butavuna.

Inama nshikiranganji yaremeye ko Reta y'Uburundi ishira umutahe muri iyo Banki.

11. Utuntu n'utundi

Umushikiranganji ajejwe indero n'ubushakashatsi yaramenyeshye ibijanye no gukarahiriza ubwenge abigisha, aho bwashaka kubanza gutanga ikibazo kugirango burabe ababikeneye kuruta abandi.

Si ikibazo gifise intumbero yo kwirukana abigisha mu kazi canke kumaramaza abaronse amanota make, kuko ayo manota nta nahamwe azomenyekana, ndetse na nyeneyo ntayo azomenya.

Abigisha baravyiyamirije ahubwo baca bavyura ibibazo ataho bisa bisana n'ico gikorwa, nk'ibijanye no kunganisha imishahara n'ibindi, gushika naho bagabisha ko bagiye guhagarika akazi.

Inama nshikiranganji yaratangajwe n'ingene umuntu yanka kwungurirwa ubumenyi, ica isaba y'uko ico gikorwa co kubakarihiriza ubwenge cotunganywa neza, hanyuma uwutazocitaba nawe bikazobonekera ku mwimbu azozana mu kwigisha abanyeshule.

Nico gituma bazoca basabwa gushira umukono ku masezerano y'ivyo biyemeza gushikako (contrat de performance), ivyo navyo bikazofatirwako ku manota atangwa ku mwaka.

Bujumbura, igenekerezo rya 03 Ruhuhuma 2022

Umunyamabanga Mukuru wa Reta akaba
n'Umuvugizi wayo

Prosper NTAHORWAMIYE